

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kabudayaan nu aya di tatar Sunda kaitung jembar, kayaning basa, kasenian, pakasaban, sistem kamasarakatan, sarta jadi ciri has pikeun urang Sunda. Ieu hal ngabalukarkeun loba masarakat hususna nu lain urang Sunda, nu kairut jeung diajar kana kabudayaan-kabudayaan nu aya di tatar Sunda, boh éta dina widang basa, kasenian, pakasaban, sistem kamasarakatanna. Contona waé kiwari geus teu anéh loba urang asing nu bisa basa Sunda. Umpamana Mikihiro Moriyama anu paséhat kana basa Sunda, manéhna ogé ngulik perkara filologi Sunda. Kitu deui nu ngulik kana seni Sunda saperti Win Van Zanten. Dalah nepi ka aya urang asing nu nalungtik leuwih jero batan urang Sundana sorangan.

Lian ti éta, dina widang sastra ogé geus mimiti laleungitan, saperti carita rayat atawa dongéng. Kiwari budak ayeuna geus teu apal kana dongéng nu aya di wewengkonna, umumna ukur apal kana dongéng nu geus ilahar atawa geus aya dina buku-buku saperti *Dongéng si Kabayan*, *Sakadang Peucang*, jsb. Padahal saupama éta dongéng terus diguar tur diinventarisir bakal nambahan khasanah jeung pangaweruh ngeunaan dongéng.

Nurutkeun Dudung (dina Habsari, 2017, kc. 23) dongéng nya éta wangun sastra heubeul nu nyaritakeun ngeunaan kajadian nu biasana sok direumbeuy ku pamohalan (fiksi) nu teu bener-bener kajadian. Dongéng nu sumebar hususna di Kecamatan Conggeang, Kabupatén Sumedang, masarakatna jarang nu mikanyaho kana dongéng nu aya di wewengkonana. Ieu hal mangrupa lajuning laku tina kamekaran téhnologi nu nepi ka kiwari geus ngawasa masarakat nu aya di tatar Sunda. Ieu hal ngabalukarkeun masarakat geus teu boga karep pikeun mikanyaho sarta maluruh dongéng nu aya di wewengkonna sorangan.

Kiwari dongéng geus kasilihkeun atawa kasilep ku mangrupa-rupa carita atawa hiburan nu aya dina *media elektronik* kayaning dina HP, TV, jrrd. Tétéla sidik pisan bédana antara jaman ayeuna jeung jaman baheula, baheula mah mun budak rék saré

Nurlaela Damayanti, 2018

DONGÉNG-DONGÉNG DI KECAMATAN CONGGEANG

KABUPATÉN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA

DI SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

bari dipépendé ku indungna, bapana, atawa ku nini akina sok bari didongéngan. Lian ti éta ogé sok mindeng diayakeun hiji riungan pikeun nyaritakeun dongéng. Ilaharna nu sok ngadongéngna téh nu geus kolot, ari nu ngadéngékeunna barudak. Salian ti ngadéngékeun dongéng sarta meunangkeun carita nu anyar, tina éta riungan bisa numuwuhkeun *jiwa sosial* pikeun barudak. Ti dinya budak bisa ngaéksprésikeun sagala hal nu karasa, kadéngé, tur katempo ku manéhna. Sanggeus béh dieu boh budak boh nu geus sawawa sok pirajineun ngadéngé dongéng dina radio, sabab baheula mah tacan kajamanan atawa can réa nu boga TV, jadi hiburan nu aya téh ukur ngandelkeun radio. Lian ti éta, ngadéngékeun dongéng langsung saperti kitu leuwih ngirut barudak tinimbang ukur maca atawa ngadéngékeun tina radio. Tapi dalah dikumaha waé ogé kiwari geus jarang manggihan juru dongéng, sanajan dina émprona mah lolobana lain bener-bener ahli ngadongéng, da biasana gé nu sok dipénta ngadongéng téh nu geus kolot.

Ku lantaran dongéng téh sumebarna turun tumurun sacara lisan, ngabalukarkeun éta dongéng téh jarang didokumentasikeun. Antukna, beuki dieu beuki saeutik dongéng nu aya, hususna di Kecamatan Conggéang, Kabupatén Sumedang. Padahal, saupama éta dongéng-dongéng nu aya di unggal wewengkon terus ditalungtik, sarta didokumentasikeun, bisa dipaké pikeun pangajaran di sakola. Ieu panalungtikan kalintang pentingna, hususna pikeun masarakat di wilayah Kecamatan Conggeangna sorangan, sabab ngaliwatan ieu panalungtikan, bisa ngaguar deui dongéng-dongéng nu kiwari geus mimiti laleungitan. Lian ti éta, masarakat Kecamatan Conggeang bisa wanoh tur apal kana dongéng nu aya di wewengkonna.

Nilik kana hal éta, tangtu perlu diayakeun panalungtikan, ieu panalungtikan nu judulna *Dongéng-Dongéng di Kecamatan Conggeang Kabupatén Sumedang pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP (Ulikan Struktural)*.

1.2 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, idéntifikasi masalah dina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

- 1) Déskripsi dongéng di Kecamatan Conggeang, Kabupatén Sumedang.
- 2) Unsur struktural dina dongéng di Kecamatan Conggeang, Kabupatén Sumedang.
- 3) Dongéng anu cocog bisa dijadikeun bahan pangajaran maca di SMP.

1.3 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, rumusan masalah dina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

1. Kumaha déskripsi dongéng nu aya di Kecamatan Conggeang, Kabupatén Sumedang?
2. Kumaha unsur struktural nu aya dina dongéng di Kecamatan Conggeang, Kabupatén Sumedang?
3. Naha dongéng-dongéng hasil panalungtikan téh cocog pikeun bahan pangajaran maca di SMP?

1.4 Tujuan Panalungtikan

1. Tujuan Umum

Tujuan sacara umum dina ieu panalungtikan nya éta pikeun medar jeung nganalisis dongéng nu aya di Kecamatan Conggeang, Kabupatén Sumedang pikeun bahan pangajaran maca di SMP.

2. Tujuan Husus

Ieu panalungtikan miboga tujuan husus, di antarana pikeun:

- a. Ngadéskripsikeun dongéng nu aya di Kecamatan Conggeang, Kabupatén Sumedang.
- b. Mikanyaho unsur struktural nu aya dina Dongéng di Kecamatan Conggeang, Kabupatén Sumedang.
- c. Mikanyaho dongéng nu cocog pikeun pangajaran maca di SMP.

Nurlaela Damayanti, 2018

DONGÉNG-DONGÉNG DI KECAMATAN CONGGEANG
KABUPATÉN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA
DI SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.5 Mangpaat Panalungtikan

1. Mangpaat Téoritis

Dipiharep tina ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh dina widang kabudayaan Sunda, hususna dina dongéng ngaliwatan ngumpulkeun dongéng nu aya di Kecamatan Conggeang, Kabupatén Sumedang.

2. Mangpaat Praktis

- a. Pikeun anu nalungtik, bisa nambahan pangalaman dina panalungtikan hususna pangalaman dina nalungtik sastra.
- b. Pikeun masarakat, bisa nambahan pangaweruh sarta informasi ngeunaan dongéng nu aya di Kecamatan Conggeang, Kabupatén Sumedang.

1.6 Raraga Tinulis

Ieu skripsi disusun jadi lima bab nya éta:

BAB I medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan ngawengku mangpaat praktis jeung mangpaat teoritis, sarta raraga tinulis.

BAB II medar ngeunaan tiori-tiori nu jadi dadasar panalungtikan sarta posisi masalah nu ditalungtik dina widang paélmuan. Tiori nu dipedar di antarana dongéng, struktural, jeung bahan pangajaran.

BAB III medar ngeunaan métode nu di paké dina panalungtikan, nu dijerona aya *desain* panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

BAB IV medar ngeunaan hasil jeung pedaran analisis data nu patali jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, sarta tiori-tiori dina Bab II.

BAB V medar ngeunaan kumaha panalungtik nafsirkeun panalungtikanna. Kacindekan mangrupa jawaban tina daptar pertanyaan nu aya dina rumusan masalah, sarta saran atawa rékoméndasi nu ditujukeun pikeun nu ngagunakeun éta hasil

panalungtikan, sarta ku panalungtik lianna nu rék nalungtik masalah nu sarua minangka lajuning laku tina hasil panalungtikan.